

PWOSEDI POU APLIKASYON

LÈ W AP FÈ CHWA POU W JWENN PI BON LEKÒL POU PITIT OU A

Patisipe nan yon Sesyon enfòmasyon Poze kesyon sou pwosesis aplikasyon pou Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB. Ap gen entèprèt k ap la pou entèprete pou ou an kreyòl ayisyen.

Borough	Dat	Lè	Lokal lekòl	Adrès
Brooklyn	Jedi, 14 me 2009	6è00-8è00 pm	Andries Hudde Junior High School	2500 Nostrand Avenue
Brooklyn	Lendi, 11 me 2009	6è00-8è00 pm	Brooklyn Technical High School	29 Fort Greene Place
Bronx	Madi, 12 me 2009	6è00-8è00 pm	Roosevelt Educational Campus	500 East Fordham Road
Bronx	Mèkredi, 13 me 2009	6è00-8è00 pm	Roosevelt Educational Campus	500 East Fordham Road
Manhattan	Mèkredi, 13 me 2009	6è00-8è00 pm	Stuyvesant High School	345 Chambers Street
Manhattan	Mèkredi, 6 me 2009	6è00-8è00 pm	Louis D. Brandeis High School	145 West 84 th Street
Queens	Mèkredi, 6 me 2009	6è00-8è00 pm	Aviation High School	45-30 36 th Street
Queens	Jedi, 7 me 2009	6è00-8è00 pm	John Adams High School	101-01 Rockaway Blvd

Konsidere pitit ou a ak fanmi w Si w deside mande yon transfè, chwazi lekòl ou santi k ap bon pou pitit ou

Rechèch Itilize rezilta Sondaj sou Anviwònman Aprantisaj la, Kontwòl Kalite ak Rapò sou pwogrè pou w ka enfòmè w plis sou lekòl yo

Pake ki gen enfòmasyon pou paran an bay plis enfòmasyon detaye sou etap pou w jwenn pi bon lekòl pou pitit ou.

KÒMAN POU W RANPLI FÒMILÈ APLIKASYON POU W MANDE TRANSFÈ A

➡ Si w pa vle mande yon transfè :Seleksyone “NO”, epi voye Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a tounen ba nou nan anvlop ki tou gen tenb sou li a nou voye ba w la.

➡ Si w vle mande yon transfè : Seleksyone “WI”, epi nwasi ak plim ou tiboul ki akote tout lekòl ou ta renmen mande pou yo transfere pitit ou a, siyen, epi voye Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a tounen ba nou nan anvlop ki tou gen tenb sou li a nou voye ba w la.

➡ Fè sèten ou nwasi byen tiboul yo san fè tach lè w ap fè chwa w yo **Fè konsa ●**. **PA fè konsa ☹, ☒, ☑, ✓**

➡ **Kenbe yon kopi Fòmilè Aplikasyon ou fin ranpli a pou dosye pa w, epi soumèt li pa lapòs avan 22 me 2009.**

KÒMAN POU W LI FÒMILÈ APLIKASYON POU MANDE TRANSFÈ A

Gen lis tout lekòl pitit ou a kalifye pou ale yo nan Fòmilè Aplikasyon an.

- Yo site an premye lekòl ki nan distri kote w abite a. Ou ka chwazi kantite lekòl ou vle ki genyen nan vil la.
- Tanpri, gade nan Pake ki gen enfòmasyon pou paran an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon kalifikasyon yo pou sèvis transpò nan otobis jòn yo. Ou ka kontakte tou Biwo pou Transpò Elèv *Office of Pupil Transportation* (OPT) nan (718) 392-8855 oswa ale sou sit wèb la nan www.nyc.gov/schools/Offices/Transportation
- Yo mete done sou pèfòmans lekòl y ap atann pou nivo klas pitit ou a akote chak lekòl. Gen plis enfòmasyon ki disponib tou sou Entènèt nan www.nyc.gov/schools/Accountability/SchoolReports
- Ou **pa** ka endike lekòl ki pa nan lis la.
- **Lwa federal egzije pou NYCDOE bay elèv ki travay nan nivo pi ba yo, epi ki abite nan kay kote pa gen anpil lajan k ap rantre, priyorite** Si nou pa ka ofri w kòm yon lòt posibilite yon transfè nan yonn nan lekòl ou chwazi yo, nou ka byen ofri w yon transfè nan yon lòt lekòl ki pa yon SINI ni yon SURR ki gen plas disponib.

OU GEN KESYON? Kontakte Biwo Enskripsyon nan Borough a *Borough Enrollment Office* (BEO) oswa Defansè dwa fanmi nan Distri *District Family Advocate* (DFA) ki sou Fòmilè Aplikasyon pou mande Transfè a. Gen materyèl tou tradui ki disponib tou sou Entènèt nan www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/ChangingSchools

PA voye okenn lòt materyèl ak aplikasyon w lan.